

BAB V

KACINDEKAN JEUNG SARAN

5.1 Kacindekan

Dumasar hasil analisis data nu aya dina bab IV, hasil ieu panalungtikan téh bisa dicindekkeun saperti ieu di handap.

- 1) Minat diajar basa Sunda siswa SMA Negeri 1 Cileungsi taun ajaran 2017/2018 aspék kognitifna kagolong cukup, rata-ratana 60% (15% satuju pisan jeung 45% satuju). Salian éta, minat diajar basa Sunda siswa SMA Negeri 1 Cileungsi taun ajaran 2017/2018 aspék aféktifna kagolong cukup, rata-ratana 74% (16% satuju pisan jeung 58% satuju). Jadi, minat diajar basa Sunda siswa SMA Negeri 1 Cileungsi taun ajaran 2017/2018 téh kagolong cukup, rata-ratana 68% (15% satuju pisan jeung 53% satuju).
- 2) Sikep diajar basa Sunda siswa SMA Negeri 1 Cileungsi taun ajaran 2017/2018 aspék kognitifna kagolong positif, rata-ratana 67% (21% satuju pisan jeung 46% satuju). Sikep diajar basa Sunda siswa SMA Negeri 1 Cileungsi taun ajaran 2017/2018 aspék aféktifna kagolong positif, rata-ratana 54% (11% satuju pisan jeung 43% satuju). Salian éta, sikep diajar basa Sunda siswa SMA Negeri 1 Cileungsi taun ajaran 2017/2018 aspék konatifna kagolong positif, rata-ratana 72% (26% satuju pisan jeung 46% satuju). Jadi, sikep diajar basa Sunda siswa SMA Negeri 1 Cileungsi taun ajaran 2017/2018 téh kagolong positif, rata-ratana 64% (19% satuju pisan jeung 45% satuju).
- 3) Diajar basa Sunda siswa SMA Negeri 1 Cileungsi taun ajaran 2017/2018 kagolong hadé. Ieu hal bisa katiten tina prosés jeung hasil diajar basa Sunda siswa. Prosés diajar basa Sunda siswa SMA Negeri 1 Cileungsi taun ajaran 2017/2018 téh kagolong lancar, rata-ratana 59% (12% satuju pisan jeung 47% satuju), sedengkeun hasil diajar basa Sunda siswa SMA Negeri 1 Cileungsi taun ajaran 2017/2018 kagolong tuntas, rata-rata peunteun kognitifna nyaéta 84,1 tina KKM 75, sedengkeun rata-rata peunteun psikomotorna nyaéta 84,3 tina KKM 75.
- 4) Aya korélasi anu signifikan antara minat jeung sikep kana diajar basa Sunda siswa SMA Negeri 1 Cileungsi taun ajaran 2017/2018. Ieu hal bisa katitén tina

hasil uji koefisién jeung signifikansi korélasi minat jeung sikep kana prosés diajar basa Sunda siswa nyaéta 0.000, hartina nilai sig < 0,05. Jadi, bisa dicindekkeun yén aya korélasi anu signifikan antara minat jeung sikep kana prosés diajar basa Sunda siswa SMA Negeri 1 Cileungsi taun ajaran 2017/2018. Sedengkeun hasil uji koefisién jeung signifikansi korélasi minat jeung sikep kana hasil diajar basa Sunda siswa nyaéta 0.010, hartina nilai sig < 0,05. Jadi, bisa dicindekkeun yén aya korélasi anu signifikan antara minat jeung sikep kana hasil diajar basa Sunda siswa SMA Negeri 1 Cileungsi taun ajaran 2017/2018.

5.2 Saran

Sabada ngalaksanakeun ieu panalungtikan, aya sababaraha saran anu ditepikeun ku panalungtik. Di antarana ieu di handap.

- 1) Minat miboga korélasi anu luhur kana prosés diajar basa Sunda. Ku sabab kitu, dina prosés pangajaran téh guru lain ngan ukur nepikeun bahan pangajaran, tapi kudu bisa ogé ngahudang minat diajar siswa, misalna ku cara ngagunakeun métode jeung modél pangajaran anu ngirut.
- 2) Sikep miboga korélasi anu luhur kana hasil diajar basa Sunda. Ku sabab kitu, dina prosés pangajaran téh guru lain ngan ukur nepikeun bahan pangajaran, tapi kudu bisa ogé ngahudang sikep siswa sangkan bisa narima, ngaréspon, ngajénan, jeung tanggung jawab nalika diajar basa Sunda. Ku kituna, hasil diajarna ogé bisa ngaronjat.
- 3) Ieu panalungtikan téh ngan ukur ngorélasikeun minat jeung sikep kana diajar basa Sunda siswa. Ku kituna, perlu diayakeun panalungtikan séjénna anu leuwih lega.